

Ogmantasyon Sibvansyon Asistans Tanporè pou Sivivan Vyolans Domestik (TA-DVS) pou 2024

Kesyon Moun Poze Souvan yo

Kesyon: Kisa TA-DVS ye?

Pwogram TA-DVS lan ede bay fanmi ki kalifye yo epi moun ki ansent k ap sibi vyolans domestik èd lajan kach tanporè pou yo chape poul yo oswa stabilize nan yo nan sitiyasyon abi. Moun ki kalifye yo gendwa resevwa jiska \$3,200 sou yon peryòd sètifikasyon 90 jou pou ede reponn ak bezwen sekirite pèsonèl yo jan plan sekirite yo a ak politik la detèmine sa.

Pou plis enfòmasyon sou itilizasyon pwogram lan, kalifikasyon ak fason pou aplike, tanpri gade nan sit entènèt [Pwogram TA-DVS](#) lan.

Kesyon: Kisa ki chanje avèk sibvansyon TA-DVS lan?

Depatman Sèvis Sosyal Oregon an (Oregon Department of Human Services, ODHS) te resevwa envestisman nan sesyon lejislatif 2024 la pou ogmante kantite sibvansyon TA-DVS soti nan \$1,200 pou jiska \$3,200 pou chak peryòd sètifikasyon.

Kesyon: Kijan chanjman sa a benefisyé sivivan yo?

Sa se premye ogmantasyon pwogram nan depi li te kòmanse sa gen plis pase 26 lane. Chanjman nesesè sa a garanti valè sibvansyon an rete favorab pou soutni sivivan yo parapò ak ogmantasyon pri lojman e lòt bezwen sekirite yo.

Kesyon: Kilè sivivan yo ka itilize montan sibvansyon ogmante a?

Montan sibvansyon an te ogmante apati 11 out 2024, epi li ka itilize kounye a.

Kesyon: Èske chanjman sa a pèmanan?

Ogmantasyon an pa pèmanan. Pwogram oto-sifizans yo pral swiv diferans sa fè pou sivivan yo pandan peryòd dezan sa a.

Envestisman an nan ogmantasyon an se yon etap estrèmeman enpòtan pou pi devan. Enfòmasyon nou rasanble yo ap ede pandan n ap fè efò pou yon ogmantasyon pèmanan.

Kesyon: Èske sivivan ki gen yon sibvansyon TA-DVS lib nan dat 11 out 2024, ap kapab jwenn aksè ak montan sibvansyon ogmante a?

Moun ki gen yon dosye lib nan dat 11 out 2024, gen aksè ak montan sibvansyon ogmante a pou rès peryòd sètifikasyon 90 jou yo a epi yo pral resevwa enfòmasyon sou ogmantasyon nan kèlkeswa metòd sivivan an detèmine ki san danje.

Yo toujou ankouraje sivivan ki gen yon pwoblèm sekirite aktyèl oswa ki gen pou vini nan zafè vyolans domestik epi ki te deja resevwa TA-DVS pou yo aplike ankò.

Kesyon: Èske ogmantasyon sibvansyon an afekte kiyès ki gendwa kalifye pou pwogram TA-DVS lan oswa fason sivivan yo aplike pou pwogram nan?

Ogmantasyon sibvansyon an pa chanje okenn kondisyon kalifikasyon ni fason sivivan yo gen aksè ak TA-DVS; li sèlman ogmante montan ki disponib pou sivivan ki kalifye yo.

Pwogram nan kontinye ap finanse atravè sibvansyon gobal Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) ki itilize fon federal. Menm pwosesis aplikasyon an ak egzijans kalifikasyon yo rete anvigè.

Kesyon: Kisa k ap pase apre yon moun aplike pou TA-DVS?

Apre yon sivivan te etabli yon demann pou TA-DVS, pèsonèl ODHS lan ap ofri pou abòde sekirite yo imedyatman. Kalifikasyon an ap detèmine nan espas 16 èdtan ouvrab, sof si sivivan an mande yon lòt jan.

Pandan entèraksyon avèk ajans lan, sivivan yo pral devlope yon plan sekirite nan kolaborasyon avèk yon fòmatè pou fanmi. Anplis, sivivan yo gendwa kominike avèk yon defansè konfidansyèl nan zafè vyolans

domestik epi resevwa referans ak rekòmandasyon pou lòt resous ki nesesè yo.

Sivivan ki kalifye pou TA-DVS yo pral kontinye travay avèk yon fòmatè pou fanmi pandan tout peryòd sètifikasyon 90 jou yo a pou soutyen nan planifikasyon pou sekirite

ak stabilité san kanpe.

Kesyon: Èske finansman garanti atravè sibvansyon TA-DVS lan?

Resous kominotè yo ak opsyon pri pi ba yo dwe itilize anvan pou satisfè bezwen ki mande yo. Si resous kominotè yo pa disponib, montan peman pou moun ki kalifye yo baze sou bezwen sekirite yo pèsonèlman epi yo dwe sou menm liy ak plan sekirite benefisyè sibvansyon ki kalifye a ak fòmatè pou fanmi an kreye.

Kesyon: Yon fwa yo apwouve sibvansyon TA-DVS la, ki egzanp tip peman ki ka genyen?

- Depo pou lwave oswa sèvis publik tankou premye ak dènye mwa a epi/oswa depo sekirite si sa nesesè pou al abite oswa premye depans yo
- Frè reyenstalasyon
- Atik sekirite tankou novo kadna, kamera, sistèm alam, elatriye.
- Nan kèk ka, ranplase atik ki rete dèyè oswa ki andomaje tankou rad oswa mèb
- Bwat postal, ak plis ankò.

Kesyon: Èske gen dokiman ki ka enprime epi afiche nan ajans patnè yo oswa nan kominote a pou fè sivivan yo konnen resous sa a?

Konsilte [Depliyan Tout moun merite yo santi yo an sekirite \(ODHS 2384\)](#). Ki disponib nan [Piblikasyon ak Fòm ODHS/OHA](#) kòm yon resous pou afiche pou sensibilizasyon kominote a.

Depliyan an disponib an [Arab](#), [Biman](#), [Chinwa Senplifye](#), [Chinwa Tradisyonèl](#), Dari (pès) [Anglè](#), Fasi, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Pachtoshto/Pachtou, Royingya, [Ris](#), [Somalyen](#), [Panyòl](#), [Ikrenyen](#) epi [Vyetnamyen](#).

Depliyan yo ka enprime sou demann jan sa nesesè dirèkteman nan sit [Piblikasyon ak Fòmilè ODHS/OHA](#) an koulè oswa an nwa e blan. Tanpri kontakte [TA-DVS Policy](#) pou nenpòt kesyon oswa enkyetid.

Kesyon: Èske sivivan k ap aplike yo dwe sitwayen ameriken oswa gen yon nimewo sekirite sosyal pou yo kalifye?

Non. Kritè sitwayènte ak nesesite pou genyen oswa pou bay yon nimewo sekirite sosyal ka anile pou pwogram TA-DVS pou nenpòt moun nan fwaye a lè gen yon pwoblèm sekirite nan zafè vyolans domestik.

Kesyon: Èske resepsyon avantaj sa yo sa ap afekte sitiayson imigrasyon sivivan yo alavni?

Non. Avantaj TA-DVS yo fèt pou abòde yon sitiayson kriz byen presi epi yo pa fèt pou satisfè bezwen ki preznan. Kòm konsekans, peman ki soti nan pwogram lan pa konte kòm depans piblik.

Gade nan dokiman [Konnen enfòmasyon sou depans piblik](#) la pou plis enfòmasyon ak resous pou jwenn konsèy jiridik.

Ou ka jwenn dokiman sa a gratis nan lòt lang, gwo lèt, braille oswa yon fòma ou pi pito. Kontakte TADVS.policy@odhsoha.oregon.gov oswa rele 503-945-5600. Nou aksepte tout apèl relè yo.